



THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA

Plantation Middle School

6600 W. Sunrise Blvd, Plantation, FL 33313

(754)322-4100

Tariq D. Qaiyim, Principal



Chè Paran/Gadyen,

“The Florida Assessment of Student Thinking (FAST)” (Evalyasyon nan Florid sou Fason Elèv Reflechi) se yon zouti pou kontwole pwogrè yo pral administre twa fwa nan ane a pou swiv pwogrè elèv ou a nan “Benchmarks of Excellent Student Thinking (B.E.S.T.) Standards” (Meyè Referans Estanda Aprantisaj sou Fason Elèv Reflechi) pandan tout ane lekòl sa a. Objektif lèt sa a se pou enfòme w elèv ou a pral patisipe nan twazyèm administrasyon (PM3) nan Klas 6/7/8 ane eskolè nan (Evalyasyon nan Florid sou Fason Elèv Reflechi (FAST) Lekti and Mathematics nan dat May 5 – May 15. Nou ap sèvi avèk rezulta elèv ou a nan PM3 pou montre kijan elèv ou a te metrize estanda kontni pou klas la, e lekòl ou a ap voye enfòmasyon pou ou konsènan fason pou jwenn rezulta yo.

Evalyasyon FAST elèv ou a pral fè yo se egzamen ki pral fèt sou papye, kòm yon akomodasyon pou “Individual Education Plan (IEP)” (Plan Edikasyon Endividiyèl) li oswa Plan Seksyon 504 li a. Tantativ egzamen an pral prezante atik ki pral kouvri tout “plan” egzamen an, sa vle di elèv yo pral rankontre atik ki reprezante estanda yo nan matyè a oswa nan nivo klas la. Pou plis enfòmasyon sou fason yo kreye egzamen an, tanpri vizite <https://www.fl DOE.org/accountability/assessments/k-12-student-assessment/best/>. Si oumenm oswa elèv ou a ta renmen revize echantyon Lekti FAST la lakay ou, echantyon materyèl egzamen yo disponib nan <https://fl fast.org/families.html>.

Tanpri revize règleman sa yo ak elèv ou a anvan li pran egzamen an:

- **Aparèy Elektwonik**—Elèv yo pa gen pèmisyon pou yo gen okenn aparèy elektwonik, ki gen ladan, men ki pa limite ak telefòn pòtab, ‘smartphones’ (telefòn entèlijan), ak ‘smartwatch’ (mont entèlijan), nenpòt lè pandan egzamen an oswa pandan yon ti pòz (pa egzanp, al nan twalèt), **menmsi aparèy yo etenn oswa elèv yo pap sèvi ak yo**. Si yo jwenn elèv ou a avèk yon aparèy elektwonik oswa yon l ap itilize ‘Bluetooth/kas sanfil/ekoutè pandan egzamen an, yo ap anile egzamen li a.
- **Règleman Konsènan Kalkilatris**—Pou evalyasyon Matematik Klas 7èm –8èm FAST yo, elèv yo ka itilize kalkilatris syantifik mènyèl yo. Pou Matematik Klas 6èm FAST yo, elèv yo ka itilize kalkilatris mènyèl kat fonksyon. Nou entèdi itilizasyon kalkilatris pou Klas Matematik 3èm-5èm ane eskolè.
- **Apwobasyon Règleman Egzamen Yo**—Tout egzamen yo genyen yon Apwobasyon Règleman Egzamen yo ki di: “Mwen konprann règleman egzamen yo, yo fenk li pou mwen an. Si mwen pa suiv règleman sa yo, nòt egzamen mwen an ka anile.” Anvan elèv yo pran egzamen an, administratè egzamen yo li règleman yo pou yo, epi elèv yo dakò yo konprann règleman egzamen yo lè yo siyen anba deklarasyon ki nan liv repons pou egzamen yo a.
- **Diskite Kontni Egzamen An Apre Ou Fini Egzamen an**—Dènye pòsyon règleman egzamen an yo li pou elèv yo anvan yo klike sou bwat pou aksepte Règleman Egzamen yo di, paske kontni tout evalyasyon atravè eta a sekirize, elèv yo pa dwe ni diskite ni revele detay sou kontni egzamen an (tankou sijè egzamen yo oswa kèk pasaj) apre yo fin pran egzamen an. Sa vle di nenpòt fòm komunikasyon elektwonik, tankou voye tèks mesaj, imèl, oswa poste sou sit medya sosyal yo. Tanpri asire w elèv ou a konprann règleman sa a anvan li pran egzamen an epi raple li “diskite” kontni egzamen an gen ladan nenpòt fòm komunikasyon elektwonik, tankou voye mesaj tèks, imèl,

poste sou medya sosyal, oswa pataje sou entènèt. **Pandan elèv yo pa ka pataje enfòmasyon sou kontni egzamen sekirize a apre yo fin pran egzamen an, règleman sa a pa anpeche elèv yo diskite sou eksperyans egzamen yo ak paran/fanmi yo.**

- **Travay yon Fason Endepandan**—Elèv yo responsab pou fè pwòp travay pa yo pandan egzamen an epi pou yo pwoteje repons yo pou lòt elèv pa wè yo. Si yo jwenn elèv yo ap triche pandan egzamen yo, egzamen elèv sa yo ap anile.
- **Kite Kanpous Lekòl La**—Si elèv ou a kite lakou lekòl la anvan li fini yon sesyon egzamen (pa egzanp, pou l al pran manje midi, osinon al nan yon randevou), li **pap** gen dwa retounen nan sesyon egzamen sa a. Si elèv ou a pa santi li byen nan jou egzamen an, li ka pi bon pou li rete tann epi pran egzamen an nan yon jou ratrapaj. Tanpri sonje pa pran randevou nan jou egzamen yo.
- **Akomodasyon Pou Egzamen Yo**— Tanpri kontakte lekòl la pou diskite nenpòt lòt akomodasyon pou egzamen yo pral bay elèv ou a.
- Tanpri note sa. Si gen yon iregilarite ki fèt nan sal kote pitit ou a ap pran egzamen an, kòm yon aspè nan envestigasyon an, nou ka mande elèv ou a pou li bay eksplikasyon sou ensidan an.

Si ou gen nenpòt kesyon ki gen rapò ak jan yo bay egzamen sa a, ou ka kontakte Mr. Rossi nan 754-322-4100. Pou plis enfòmasyon sou pwogram FAST la, tanpri vizite pòtal la nan <https://flfast.org/fsa.html>.

Mèsi paske ou sipòte elèv ou a epi ankouraje li pou li fè tout sa li kapab pou li byen patisipe nan egzamen an.

Sensèman,

Tariq Qaiyim